

PIRANTI KOHESI KANGGO NDHAPUK KOHERENSI SAJRONE WACANA DHEKRIPTIF TEKS PAWARTA MAWA BASA JAWA ING RADHIO REPUBLIK INDONESIA (RRI) MADIUN

Kurnia Intan Pratiwi

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
intanpratiwi769@yahoo.com

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si

Dosen S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Punjere panliten iki yaiku apa wae jinise wacana dheskriptif teks pawarta mawa basa Jawa ing RRI Madiun adhedhasar pandhapuke koherensi dening kohesi. Adhedhasar punjere panliten kasebut, underane panliten yaiku kohesi leksikal lan kohesi gramatikal sajrone wacana dheskriptif teks pawarta mawa basa Jawa ing RRI Madiun ndhapuk koherensi apa wae. Tujuwan panliten umume ngandharake lan njelntrehake jinise wacana dheskriptif teks pawarta mawa basa Jawa ing RRI Madiun adhedhasar pandhapuke koherensi dening kohesi, dene mligine ngandharake lan njelntrehake kohesi leksikal lan kohesi gramatikal sajrone wacana dheskriptif teks pawarta mawa basa Jawa ing RRI Madiun ndhapuk koherensi apa wae. Panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif kang asipat sinkronik. Dhata arupa ukara, paragraf, lan wacana kang ngandhut piranti kohesi gramatikal utawa leksikal kang bisa ndhapuk koherensi. Sumber dhata panliten iki yaiku teks pawarta mawa basa Jawa kang ana ing RRI Madiun. Tata cara kanggo nglumpukake dhata nggunakake teknik semak lan cathet. Tata cara njelntrehake dhata nggunakake metodhe agih, metodhe dheskripsi, lan teknik baca markah. Sabanjure tata cara kanggo nyuguhake asil panliten nggunakake cara informal.

Asil panliten iki yaiku kohesi gramatikal bisa ndhapuk sangang koherensi, dene kohesi leksikal bisa ndhapuk limang koherensi. Kohesi gramatikal referensi bisa ndhapuk koherensi panyulihan lan koherensi sajarah (*parallel*), kohesi gramatikal pangganti bisa ndhapuk koherensi nandhesake, kohesi gramatikal elipsis bisa ndhapuk koherensi urutan-urutan, lan kohesi gramatikal panggandheng bisa ndhapuk koherensi urutan-urutan, tetambahan, tetandhingan, sajarah, dudutan, wektu, papan panggonan, lan nandhesake. Kohesi leksikal ambalan bisa ndhapuk koherensi ambalan, kohesi leksikal dasanama lan kolokasi bisa ndhapuk koherensi pepadhan, kohesi leksikal kosok balen bisa ndhapuk koherensi lelawanan, kohesi leksikal meronimi bisa ndhapuk koherensi saperangan (*sakabehe*), lan kohesi leksikal hiponimi bisa ndhapuk koherensi klas golongan. Asil saka panliten kasebut bisa nuduhake yen jinis wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun adhedhasar pandhapuke koherensi dening kohesi ana 14.

Tembung wigati: Wacana dheskriptif, kohesi, koherensi, teks pawarta mawa basa Jawa.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa isih durung akeh kang nлити. Senajan kaya mangkono, sejatine akeh pamarsudi kang ngandharake teori ngenani wacana dheskriptif. Ana saperangan pamarsudi basa Jawa kang nлити, nanging durung jangkep, kayata panliten kang ditindakake dening Wedhawati (2008) ngenani wacana dheskriptif basa Jawa lan panliten dening Indiyastini (2009) ngenani kohesi lan koherensi wacana dheskriptif basa Jawa.

Wacana dheskriptif minangka wacana kang isine ngandharake lan njelntrehake samubarang tartamtu. Tembung dheskripsi iku dhewe saka tembung *describe* kang tegese ‘nulis ngenani’ utawa ‘njelntrehake ngenani’. Adhedhasar tegese iku mau, dheskripsi kerep dianggep minangka cara utawa teknik kanggo nulis jinis wacana liyane. Bab iki salaras karo pamawase

Keraf (1982:93) kang ngandharake yen nulis utawa njelntrehake ngenani samubarang tartamtu uga minangka wujud tulisan liyane, kayata eksposisi, argumentasi, lan narasi.

Senajan dheskripsi dianggep minangka wujud saka wacana liyane, nanging sejatine wacana dheskripsi ngandhut bab-bab kang luwih *kompleks* tinimbang katelu wacana iku mau (Keraf, 1982:93). Wacana dheskripsi minangka wacana kang isine jangkep, bisa ngandharake lan njelntrehake samubarang tartamtu kanthi cetha. Bab iki uga salaras karo pamawase Indiyastini (2009:6) ngandharake yen paragraf dheskripsi nduweni fungsi kanggo nggambarake sarta menehi paprincen tartamtu.

Kohesi lan koherensi mesthi ora uwal saka wacana. Miturut Keraf (1989:75), alinea kang apik yaiku alinea kang ngandhut sesambungan antarane ukara siji lan sijine. Ukara kang apik yaiku ukara kang ngandhut sesambungan antarane tembung siji

lan sijine. Semono uga wacana kang apik yaiku wacana kang ngandhut sesambungan paragraf siji lan sijine. Sesambungan-sesambungan kasebut diarani kohesi lan koherensi.

Wacana dheskriptif minangka wacana kang isine ngandharake lan njlentrehake kanthi sacetha-cethane apa kang dadi objek wacana kasebut. Andharan lan jlentrehan kudu cetha banget amrih pamaca utawa pangrungu bisa nduweni gegambaran lan uga bisa kaya-kaya ngerteni objek kasebut. Mula saka iku, tembung, ukara, lan paragraf kudu rinonce kanthi apik amrih ndadekake andharan lan jlentrehan kang cetha. Wacana dheskriptif akeh jinise, salah sijine yaiku wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa.

Pawarta mesthi ana sesambungane karo *media masa*. Salah sawijine *media masa* kang awujud radhio kang wis misuwur yaiku RRI. RRI cekakane saka Radhio Republik Indonesia. RRI yaiku radhio negeri kang dinduweni dening Negara Indonesia. RRI nduweni 52 stasiun penyiaran lan 1 stasiun penyiaran khusus kanggo manca Negara kanthi karyawan cacahé 8500 (Oramahi, 2012:126). Salah sijine saka 52 stasiun kang dinduweni RRI ana ing tlatah Madiun. RRI Madiun yaiku siji-sijine radhio negeri kang ana ing tlatah Madiun.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, ing panliten iki diandharake ngenani piranti kohesi kanggo ndhapuk koherensi sajrone wacana dheskriptif. Wacana dheskriptif kang digunakake yaiku wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa. Pawarta mawa basa Jawa kasebut dununge ana ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun. Mula yen disawijkake, ing panliten iki ngandharake lan njlentrehake ngenani piranti kohesi kanggo ndhapuk koherensi sajrone wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun.

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, punjere panliten iki yaiku apa wae jinise wacana dheskriptif teks pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun adhedhasar pandhapuke koherensi dening kohesi. Dene underane panliten iki ana loro, yaiku:

- 1) kohesi gramatikal sajrone wacana dheskriptif teks pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun bisa ndhapuk koherensi apa wae?
- 2) kohesi leksikal sajrone wacana dheskriptif teks pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun bisa ndhapuk koherensi apa wae?

Tujuwane Panliten

Tujuwane panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake jinise wacana dheskriptif teks

pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun adhedhasar pandhapuke koherensi dening kohesi. Mligine, tujuwane panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake:

- 1) kohesi gramatikal sajrone wacana dheskriptif teks pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun bisa ndhapuk koherensi apa wae.
- 2) kohesi leksikal sajrone wacana dheskriptif teks pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun bisa ndhapuk koherensi apa wae.

Paedah Panliten

Paedah saka panliten iki ana loro yaiku paedah teoretis lan paedah praktis

1) Paedah Teoretis

Asil panliten iki diajab bisa meneki sumbangan teoretis ing ilmu basa Jawa mligine ing bidhang wacana basa Jawa. Ing bidhang wacana bisa ngrembakakake ngenani piranti kohesi kanggo ndhapuk koherensi lan ngenani wacana dheskriptif.

2) Paedah Praktis

Asil panliten iki diajab bisa ngrembakakake materi ajar kanggo pasinaon mligine kanggo mahasiswa jurusan basa Jawa. Materi ajar kasebut mligine ngenani piranti kohesi kanggo ndhapuk koherensi sajrone wacana dheskriptif ing pawarta.

Wewatesane Panliten

Wewatesane panliten iki yaiku mung njlentrehake bab wacana dheskriptif ing pawarta mawa basa Jawa Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun lan mligine njlentrehake ngenani piranti kohesi gramatikal lan leksikal kanggo ndhapuk koherensi. Saliyane bab iku ora dadi bab kang dijlentrehake ing panliten iki.

Panjlentrehane Tetembungan

Tembung-tembung kang wigati sajrone panliten iki ana lima, yaiku: 1) wacana dheskriptif, 2) piranti kohesi kanggo ndhapuk koherensi, 3) pawarta mawa basa Jawa, 4) kohesi gramatikal kanggo ndhapuk koherensi, lan 5) kohesi leksikal kanggo ndhapuk koherensi.

1) Wacana Dheskriptif

Wacana dheskriptif yaiku wacana kang ngandharake salah sawijine bab kanthi cara rinci lan nduweni tujuwan amrih pamaca utawa pangrungu bisa mbayangake bab kasebut kedadayan ing sangarepe (Keraf, 1982:93).

2) Piranti Kohesi kanggo Ndhapak Koherensi

Wacana ora mung kedadayan saka ukara-ukara kang kanthi cara gramatikal kasusun rapi, nanging wacana yaiku ukara-ukara kang nduweni sesambungan antarane siji lan sijine (Carlson sajrone Tarigan, 2009:22). Miturut Rani (2006:91),

kohesi bisa mbiyantu nganalisis lan mahami makna sajrone paragraf utawa wacana.

3) Teks Pawarta mawa Basa Jawa

Teks Pawarta yaiku lapuran kang paling cepet ngenani kedadedayan tartamtu, fakta utawa bab kang anyar, narik kawigaten lan perlu dingerteni dening masyarakat kang awujud tinulis (Sudarman, 2008:76). Teks pawarta mawa basa Jawa yaiku lapuran kang paling cepet ngenani kedadedayan tartamtu, fakta utawa bab kang anyar, narik kawigaten lan perlu dingerteni dening masyarakat sarta ditulis utawa digiyarake nggunakake basa Jawa lan uga awujud tinulis.

4) Kohesi Gramatikal kanggo Ndhapuk Koherensi

Kohesi gramatikal minangka salah sijine jinis piranti kohesi. Kohesi minangka cara kanggo nuwuhake koherensi (Rani, 2006:92). Adhedhasar andharan kasebut kohesi bisa ndhapuk koherensi. Kohesi ana loro, salah sijine yaiku kohesi gramatikal. Jinis-jinis kohesi gramatikal ana papat yaiku referensi, pengganti (substitusi), elipsis, lan panggabung (konjungsi) (Indiyastini, 2009:21).

5) Kohesi Leksikal kanggo Ndhapuk Koherensi

Kohesi leksikal minangka salah sijine jinis piranti kohesi. Kohesi minangka cara kanggo nuwuhake koherensi (Rani, 2006:92). Adhedhasar andharan kasebut kohesi bisa ndhapuk koherensi. Saliyane kohesi gramatikal, uga ana kohesi leksikal. Jinis-jinis kohesi leksikal ana enem yaiku ambalan (repetisi), sinonimi, antonimi, hiponimi, meronimi, lan kolokasi (Indiyastini, 2009:70).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Konsep-konsep ing Panliten Iki

Konsep-konsep kang ana ing panliten iki yaiku wacana dheskriptif, teks pawarta mawa basa Jawa, lan kohesi kanggo ndhapuk koherensi. Sakabehe bab iku mau diandharake ing ngisor iki.

1. Wacana dheskriptif

Wacana asale saka basa sanskerta *wac/wak.vak* kang tegese ngomong (Douglas sajrone Arifin, 2012:21). Saka para sarjana lan para linguis Indonesia, Malaysia, Singapura, lan negarane kang nggunakake basa Melayu, tetembungan wacana tuwuh saka terjemahan basa Inggris *discourse* (Oetomo sajrone Arifin, 2012:23). Tembung *discourse* dhewe asale saka basa latin *discursus* kang tegese mlayu mrana mreng utawa mlayu bola-bali. Tembung mau banjur owah dadi tembung *dis* (saka papan kang beda) lan *curre* (mlayu). Dadi tembung *discursus* tegese mlayu saka papan kang beda. Pangrembakane tembung mau yaiku *discurre* banjur owah dadi *discursus* lan owah maneh dadi *discourse* kang tegese wacana.

Wacana mesthi ora bisa uwal karo analisis wacana. Analisis wacana yaiku salah sawijine disiplin ilmu kang paling amba, nanging uga ditegesi kang paling ciyut, ing linguistik (Schiffirin, 2007:57). Analisis wacana minangka cabang ilmu linguistik kang njlentrehake lan nganalisis ngenani wacana. Diarani ciyut ing linguistik, amarga analisis wacana mung njlentrehake lan nganalisis wacana wae, nanging sejatine amba banget. Amarga jinise wacana iku akeh lan bisa dianalisis kanthi maneka werna metodhe lan teknik.

Wacana nduweni jinis kang maneka werna. Jinis wacana bisa dideleng adhedhasar maneka werna. Djajasudarma (2010:5) merang jinise wacana adhedhasar segi eksistensi (realitas), medhia komunikasi, cara nyuguhake, lan jinis panggunane. Miturut realitas wacana ana wacana verbal lan non verbal. Adhedhasar medhia komunikasi ana wacana tulis lan lisan. Dideleng saka cara nyuguhake ana wacana naratif, dheskriptif, prosedural, ekspositori, lan hortatori. Adhedhasar jinis panggunane ana monolog (individu), dialog (rong pamicara), lan polilog (luwih saka loro).

Tembung dheskripsi asale saka basa latin *describere* kang tegese nulis ngenani utawa mbeberake salah sawijine bab (Keraf, 1982:93). Dheskripsi tegese nulis ngenani bab tartamtu utawa mbeberake bab tartamtu kanthi cetha lan sagamblang-gamblange. Sadurunge pamaca utawa pangrungu ngerti lan paham ngenani bab kasebut, mula paragraf kasebut durung bisa diarani paragraf dhskripsi.

Wacana dheskriptif menahi prince-princen kanggo cethane isi wacana. Miturut Keraf (1982:93) dheskripsi yaiku wujud tulisan kang sesambungan karo upaya para panulis kanggo menahi princen-princen saka objek kang lagi diomongake. Dheskripsi menahi princen-princen kasebut guna pamaca bisa ngerteni kanthi sagamblang-gamblange ngenani apa kang lagi didheskripsikake. Princen-princen kang digunakake uga cetha saengga bisa nggambarake bab kang lagi diomongake kanthi cetha uga.

1) Titikane Wacana Dheskriptif

Titikane wacana dheskriptif ana telu yaiku 1) wacana kang nggambarake, ngandharake lan njlentrehake, 2) menahi prince-princen ing njerone, lan 3) bisa nuwuhake daya imajinasi saka pamaca utawa pangrungu.

2) Perangane Wacana Dheskriptif

Wacana dheskriptif bisa diperang adhedhasar telung bab yaiku adhedhasar tujuwane, adhedhasar topike, lan adhedhasar isine. Adhedhasar tujuwane wacana dheskriptif bisa diperang dadi loro yaiku dheskripsi sugestif lan dheskripsi teknis utawa ekspositoris (Keraf, 1982:94). Adhedhasar topike, wacana dheskriptif bisa diperang dadi lima yaiku dheskripsi ngenani

samubarang, dheskripsi ngenani pawongan, dheskripsi ngenani kewan, dheskripsi ngenani papan, lan dheskripsi ngenani swasana (Indiyastini, 2009:12). Ora beda adoh karo perangane wacana dheskriptif adhedhasar topike, adhedhasar isine wacana dheskriptif diperang dadi papat yaiku dheskripsi ngenani papan, dheskripsi ngenani samubarang, dheskripsi ngenani pawongan, lan dheskripsi ngenani kedadeyan (Nurlina, 2007:4).

2. Teks Pawarta mawa Basa Jawa

Teks kerep diarani tulisan kang dawa (Titscher, 2009:32). Tembung 'teks' nuwuhake pikiran ngenani buku, Koran, kalawarti, lan sapanunggalane. Teks minangka wujud saka wacana. Teks minangka samubarang kang tinulis, dene wacana minangka samubarang kang dituturake. Adhedhasar andharan kasebut bisa dingerteni yen teks minangka wujud saka wacana.

Pawarta yaiku lapuran kang paling cepet ngenani kedadeyan tartamtu, fakta utawa bab kang anyar, narik kawigaten lan perlu dingerteni dening masyarakat (Sudarman, 2008:76). Maneka werna bab utawa kedadeyan kang lagi dumadi lan dilapurake dening pawongan tartamtu diarani pawarta. Kadhang kala bab kasebut ora paling anyar, nanging bab kang dirasa kudu dingerteni dening wong liya uga diarani pawarta. Punjere pawarta yaiku lapuran ngenani kedadeyan tartamtu kang perlu dingerteni dening wong liya utawa masyarakat.

3. Piranti Kohesi kanggo Ndhapak Koherensi

Kohesi lan koherensi yaiku rong bab kang ora bisa dipisahake sajrone wacana. Anane koherensi uga krana anane kohesi. Anane wacana kang koheren uga krana wacana kasebut kohesif. Suwalike anane wacana kang ora koheren uga amarga wacana kasebut ora kohesif.

Miturut Carlson (sajrone Tarigan, 2009:22) wacana ora mung kedadeyan saka ukara-ukara kang kanthi cara gramatikal kasusun rapi, nanging wacana yaiku ukara-ukara kang nduweni sesambungan antarane siji lan sijine. Ukara-ukara kang kanthi cara gramatikal kasusun rapi diwujudake dening kohesi, dene ukara kang nduweni sesambungan antarane siji lan sijine diwujudake dening koherensi. Mula ing kene kohesi lan koherensi gayut antarane siji lan sijine.

Miturut Alwi (2014:441), wacana ora bisa kohesif tanpa dadi koheren. Panjlentrehan kasebut njlentrehake yen antarane kohesi lan koherensi nduweni sesambungan kang raket banget. Ora ana wacana kang koheren tanpa kohesif. Ing kene cetha banget yen kohesi bisa ndhapuk anane koherensi.

1) Piranti Kohesi

Wacana kang apik yaiku wacana kang nduweni wujud lan makna kang uga apik. Wujud

cundhuk karo anane kohesi, dene makna cundhuk karo anane koherensi. Kohesi yaiku kasalarasan sesambungan antarane unsur siji lan unsure liyane kang ana ing wacana saengga tuwuh wacana kang nduweni makna utawa koheren (Djajasudarma, 2010:44). Sesambungan antarane unsur siji lan unsur liyane ndadekake wacana iku kohesif saengga uga bisa dadi koheren.

Kohesi yaiku sesambungan antar ukara sajrone wacana, kanthi cara gramatikal utawa kanthi cara leksikal (Gutwinsky sajrone Tarigan, 2009:93). Saka andharan iki bisa didudut yen kohesi ana loro yaiku kohesi gramatikal lan kohesi leksikal. Tanpa anane kohesi gramatikal lan kohesi leksikal, ukara ora bisa tuwuh kanthi trep saengga makna kang kinandhut mesthi ora cetha.

Kohesi ana loro yaiku kohesi gramatikal lan kohesi leksikal. Kohesi gramatikal ana papat yaiku referensi, pangganti (substitusi), elipsis, lan panggabung (konjungsi). Dene kohesi leksikal yaiku ambalan (repetisi), dasanama, kosok balen, hiponimi, meronimi, lan kolokasi. Yen digawe bagan kaya ing ngisor iki.

2) Koherensi

Koherensi minangka aspek semantis sajrone wacana. Koherensi yaiku kepaduan semantis antarane proposisi siji lan proposisi sijine (Indiyastini, 2009:93). Ing kohesi diandharake wujud, dene ing koherensi bakal diandharake makna saka wacana kasebut. Koherensi uga diarani sesambungan makna kang asipat teratur lan logis utawa bisa ditampa dening akal pikiran.

Miturut D' Angelo (sajrone Tarigan, 2009:101), koherensi diperang dadi 15, yaiku tetambahan (*adisi*), urutan (*seri*, *rentetan*), panyulihan, ambalan (*repetisi*), pepadhan (*sinonimi*), saperangan (*sakabehe*), klas (*golongan*), nandhesake, tetandhingan (*komparasi*), lelawanan (*kontras*), dudutan (*asil*), tuladha, sajajar (*paralel*), lokasi (*papan panggonan*), lan wektu.

3) Kohesi Gramatikal kanggo Ndhapak Koherensi

Miturut Alwi (2014:443-445), kohesi gramatikal kang bisa ndhapuk koherensi ana loro yaiku pangganti (substitusi) lan referensi. Panggabung (substitusi) bisa ndhapuk koherensi kang diarani sesambungan *persesuaian alami*, dene kohesi gramatikal referensi bisa ndhapuk rong koherensi kang diarani sesambungan *anaforis* lan sesambungan *kataforis*. Senajan piranti kohesi gramatikal cacahé ana papat.

Kohesi gramatikal ana papat yaiku referensi, pangganti (substitusi), elipsis, lan panggabung (konjungsi). Kohesi gramatikal bisa ndhapuk sangang koherensi yaiku koherensi tetambahan (*adisi*), urutan (*seri*, *rentetan*), panyulihan, tetandhingan (*komparasi*), dudutan (*asil*), sajajar (*paralel*), nandhesake, papan panggonan (*lokasi*), lan wektu.

4) Kohesi Leksikal kanggo Ndhapak Koherensi

Miturut Alwi (2014:443-445), kohesi leksikal kang bisa ndhapuk koherensi ana loro yaiku hiponimi lan meronimi. Kohesi leksikal hiponimi bisa ndhapuk koherensi kang diarani sesambungan hiponimi, dene kohesi leksikal meronimi bisa ndhapuk koherensi kang diarani sesambungan bageyan-sakabehe. Kamangka piranti kohesi leksikal ana enem jinise.

Kohesi leksikal ana lima yaiku ambalan (*repetisi*), dasanama, kosok balen, hiponimi, meronimi, lan kolokasi. Kohesi leksikal bisa ndhapuk enem koherensi yaiku koherensi ambalan, koherensi pepadhan, koherensi lelawanan, koherensi klas (golongan), koherensi saperangan (sakabehe), lan koherensi tuladha.

Teori kanggo Panliten Iki

Teori kang digunakake kanggo panliten iki yaiku teori analisis teks linguistik lan teori analisis isi. Analisis teks linguistik dititiki kanthi *fokus-e* ing kohesi lan koherensine (Titscher, 2009:40). Bab iki salaras karo underane panliten iki kang ngandharake kohesi gramatikal lan leksikal sajrone wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa ing RRI Madiun bisa ndhapuk koherensi apa wae.

Teori kang uga digunakake kanggo panliten iki yaiku teori analisis isi. Teori analisis isi yaiku teori kang punjer kawigatene ana ing aspek isi teks iku dhewe (Titscher, 2009:93). Miturut Herkner (sajrone Titscher, 2009:98), teks ora kasusun saka unit-unit kang alami, ananging unit-unit kasebut kudu dijlentrehake ing tataran sintaktik utawa semantik-e. Tataran sintaktik wujud yaiku kohesi, dene tataran semantik wujud yaiku koherensi.

TATA CARANE PANLITEN

Titikane Panliten

Titikan saka panliten iki diperang dadi loro, yaiku jinise panliten lan sipate panliten. Jinis lan sipate panliten diandharake ing ngisor iki.

1) Jinise Panliten

Jinise panliten iki yaiku linguistik dheskriptif. Panliten linguistik dheskriptif yaiku panliten kang ngupaya ngandharake lan njlentrehake basa kanthi cara apa anane ing wektu tartamtu (Chaer, 2007:14).

2) Sipate Panliten

Panliten iki asipat linguistik sinkronik. Bab iki salaras karo pamawase Chaer (2007:14-15) ngandharake yen sipate panliten linguistik ana loro yaiku linguistik sinkronik lan dhiakronik. Linguistik sinkronik yaiku panliten linguistik kang ngandharake ngenani basa ing wektu kang winates (sawektu), dene linguistik dhiakronik yaiku panliten linguistik kang ngandharake basa ing

wektu kang ora winates utawa ora sawektu (wektu siji lan wektu liyane).

Ubarampene Panliten

Ubarampene panliten ing kene yaiku dhata lan sumber dhata, instrumen panliten, lan lokasi wacana. Sakabehe perangan mau diandharake ing ngisor iki.

1) Dhata lan Sumber Dhata

Dhata ing panliten iki awujud ukara-ukara, paragraf-paragraf, lan wacana-wacana kang ngandhut piranti kohesi gramatikal lan piranti kohesi leksikal kang bisa ndhapuk koherensi kang ana ing wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa. Dhata kanggo panliten iki cacah ana 48 teks pawarta kang ditulis lan digiyarake sasi Nopember nganti Desember 2015. Sumber dhata panliten iki yaiku pawarta mawa basa Jawa kang ana ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun. Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun ana ing Jalan Panjaitan Kutha Madiun.

2) Instrumen Panliten

Instrumen yaiku piranti panliten kanggo ngumpulake dhata (Moleong, 2014:168). Instrumen panliten ana loro, yaiku instrumen utama lan panyengkuyung. Instrumen utama ing panliten iki yaiku panliti iku dhewe, amarga panliti kang nindakake sakabehe cara kanggo cara panliten iki wiwit ngumpulake dhata, njlentrehake dhata, lan nyuguhake asil panliten. Dene instrumen panyengkuyunge yaiku piranti-piranti kang digunakake kanggo nyathet dhata.

Tata Carane Panliten

Tata carane panliten iki diperang dadi telu yaiku tata carane ngumpulake dhata, tata carane njlentrehake dhata, lan tata carane nyuguhake asil panliten. Kabeh mau diandharake ing ngisor iki.

1) Tata Carane Nglumpukake Dhata

Tata cara ngumpulake dhata ing panliten iki nggunakake teknik semak lan teknik cathet. Teknik semak ora mung digunakake kanggo panliten kang dhatane awujud basa lisan, nanging uga bisa kanggo panliten kang dhatane awujud basa tulis. Bab iki salaras karo pamawase Sudaryanto (2015:207), ngandharake yen basa kang tinulis sejatine uga bisa nggunakake teknik semak. Teknik cathet kang digunakake ing dhata tinulis yaiku nyathet apa kang cundhuk lan dibutuhake dening panliti kanggo panliten iki (Mahsun, 2006:93-94). Sing perlu dicathet ing panliten iki yaiku dhata-dhata kang kalebu kohesi gramatikal lan kang kalebu kohesi leksikal kang bisa ndhapuk koherensi sajrone wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa ing RRI Madiun.

2) Tata Carane Njlentrehake Dhata

Tata cara njlentrehake dhata ing panliten iki yaiku nggunakake metodhe agih, dheskripsi, lan teknik baca markah. Teknik baca markah

digunakake kanggo teknik analisis (Sudaryanto, 2015:129). Teknik baca markah yaiku teknik kang digunakake kanggo njlentrehake dhata kanthi cara ndeleng panemtu utawa *penanda* dhata kang lagi dijlentrehake. Panemtu kasebut arupa piranti-piranti kohesi kang bisa digunakake kanggo ndhapuk koherensi tartamtu. Teknik baca markah bisa kalebu metodhe agih amarga panemtu utawa *penanda* ana sajrone dhata kang lagi dijlentrehake (Sudaryanto, 2015:135). Metodhe dheskripsi yaiku metodhe kanggo njlentrehake dhata kanthi cara ngandharake lan njlentrehake dhata nggunakake basa kang lumrah, dudu angka-angka (Djajasudarma, 1993:15).

3) Tata Carane Nyuguhake Asil Panliten

Tata cara nyuguhake asil panliten iki kanthi wujud laporan asil panliten kang tinulis. Laporan kasebut awujud laporan asile nalika nglumpukake lan njlentrehake dhata. Tata cara nyuguhake asil panliten iki uga kanthi cara informal utawa nggunakake tembung-tembung kang lumrah kaya biyasane. Bab iki salaras karo pamawase Sudaryanto (2015:241) ngandharake yen metodhe kanggo nyuguhake asil panliten ana loro yaiku metodhe formal lan metodhe informal. Metodhe formal yaiku tata cara nyuguhake asil panliten kanthi nggunakake tandha utawa lambang tartamtu, dene metodhe informal yaiku tata cara nyuguhake asil panliten kanthi nggunakake basa biyasa kang salumrahe.

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Andharan lan Jlentrehan Dhata

Perkara kang dijlentrehake ing bab iki ngenani piranti kohesi kanggo ndhapuk koherensi kang diperang dadi loro yaiku kohesi gramatikal lan kohesi leksikal kanggo ndhapuk koherensi. Bab kasebut uga digunakake kanggo nemtokake jinise wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun adhedhasar pandhapuke koherensi dening kohesi. Jlentrehan ngenani bab kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

1. Kohesi Gramatikal kanggo Ndhapuk Koherensi

Kohesi gramatikal ana papat yaiku referensi, pangganti (subststitusi), elipsis, lan panggandheng (konjungsi). Kohesi gramatikal kasebut bisa ndhapuk maneka warna koherensi yaiku koherensi panyulihan, koherensi urutan, koherensi nandhesake, koherensi saajar (*paralel*), koherensi tetambahan (*adisi*), koherensi tetandhingan (*komparasi*), koherensi wektu, koherensi papan panggonan, lan koherensi dudutan (asil).

1) Kohesi Gramatikal Referensi kanggo Ndhapuk Koherensi Panyulihan lan Koherensi Sajajar (*paralel*)

Kohesi gramatikal referensi kanggo ndhapuk koherensi panyulihan dituduhake dening sesulih. Salah sawijine sesulih yaiku sesulih purusa. Sesulih purusa yaiku sesulih wong utawa manungsa. Sesulih purusa ana telu yaiku sesulih purusa utamapurusa (wong kapisan), madyapurusa (wong kapindho), lan pratamapurusa (wong katelu). Sesulih kang mratelakake wong katelu salah sijine ana kang mratelakake sebutan pangkat, yaiku mratelakake pangkate kanggo nyulih jenenge.

(1) **Gubernur Jawa Timur Soekarwo** negesaken, warga ing kiwa tengen Gunung Bromo supados mboten gampil panik lan kepancing kaliyan kabar ingkang mboten jelas, gegayutan kaliyan kawontenan vulkanik Gunung Bromo.//

Gubernur pesen dhateng warga ampun ngantos nyaketi Gunung Bromo, lajeng ningkataken kawaspadan lan tansah koordinasi kaliyan BPBD.// (PMBJ/17DES15/GG. Reno)

Dhata (1) ing ndhuwur nuduhake anane referensi antarane paragraf siji lan paragraf sijine mligine referensi anafora yaiku referensi kang ngener ing tembung sadurunge utawa *antiseden* sadurunge. Dhata (1) ing ndhuwur uga kalebu salah sawijine dhata kang ngandhut anane sesulih kang mratelakake wong katelu mligine sebutan pangkat. Ing wiwitan paragraf kapisan ing ndhuwur ana tembung Gubernur Jawa Timur Soekarwo, dene ing wiwitan paragraf kapindho ana tembung gubernur. Gubernur ing paragraf kaloro minangka referensi saka tembung Gubernur Jawa Timur Soekarwo. Gubernur ing paragraf kaloro uga minangka referensi saka Soekarwo. Gubernur minangka sebutan pangkat utawa jabatan pawongan kang mimpin salah sawijine provinsi. Mula gubernur minangka tembung sesulih saka Soekarwo lan kalebu tembung sesulih katelu kang mratelakake sebutan pangkat. Yen ora ana referensi ing dhata (1) kasebut, ora bakal tuwuh anane koherensi panyulihan. Mula referensi bisa ndhapuk anane koherensi panyulihan. Dene kohesi gramatikal referensi kang ndhapuk koherensi saajar diandharake ing dhata (2) ing ngisor iki.

(2) **Sekretaris DPRD Kutha Madiun Agus Sugiyanto** mratelakaken, ing rapat mbenjing badhe dipunputusaken PT Aneka Jasa Pembangunan ingkang nggarap proyek punapa dipunputus kontrak, utawi dipunparingi tambahan wekdal 50 dinten sinertanan dendha.//

Agus Sugiyanto ngajab, kadospundi putusanipun, ingkang wigati ampun ngantos pembangunan gedhung enggal DPRD ing

Jalan Taman Praja mangke mangkrak.// (PMBJ/22DES15/Ab)

Dhata (2) kalebu dhata kang uga ngandhut referensi kang mratelakake anane sesambungan utawa koherensi sajajar. Dhata (2) ngandhut koherensi sajajar kang awujud koherensi wacana. Ing dhata (2) disebutake 'sekretaris DPRD Kutha Madiun Agus Sugiyanto' ing paragraf kapisan, lan ing paragraf kapindho disebutake 'Agus Sugiyanto'. 'Agus Sugiyanto' ing paragraf kapindho ngener 'Sekretaris DPRD Kutha Madiun' ing paragraf kapisan, mula bab kasebut nuduhake anane referensi. Jeneng Agus Sugiyanto lan pangkat Sekretaris DPRD Kutha Madiun nduweni sipat kang sajajar, Agus Sugiyanto ya Sekretaris DPRD Kutha Madiun, Sekretaris DPRD Kutha Madiun ya Agus Sugiyanto. Bab kasebut nuduhake yen referensi bisa ndhapuk anane koherensi sajajar, mligine referensi kang nggunakake sesulih wong katelu mratelakake sebutan pangkat.

2) Kohesi Gramatikal Pangganti (substitusi) kanggo Ndhapak Koherensi Nandhesake

Kohesi pengganti bisa ndhapuk koherensi nandhesake. Amarga kanthi cara ngganti tembung-tembung tartamtu bisa menahi panegesan yen tembung kasebut wigati banget utawa bisa uga tembung kasebut sing dadi punjer saka isine wacana. Mula luwih ditegesna lumantar tembung kang diganti kasebut.

(3) Dinas sosial tenaga kerja dan transmigrasi Kabupaten Madiun sarujuk kaliyan kawicaksanaan pemerintah ingkang mboten badhe **ngintun** malih Tenaga Kerja Indonesia TKI informal dhateng manca negari.// Kabid penempatan pelatihan lan produktivitas Dinsosnakertrans Kabupaten Madiun Edi Sudarko dhumateng RRI paring katrangan, kawicaksanaan pemerintah ingkang mboten ngeparengaken malih **mbidhalaken** TKI dados pembantu rumah tangga, kange mujudaken pengayuh NOL perkawis TKI ing taun 2017.// (PMBJ/5DES15/Ab)

Dhata (3) nggambarake ngenani kohesi pengganti kang ndhapuk anane koherensi nandhesake. Tembung kang diganti yaiku tembung 'ngintun' ing paragraf kapisan diganti tembung 'mbidhalaken' ing paragraf kapindho. Krana tembung kang diganti ana ing liya paragraf, mula wujud koherensi kang tuwuh yaiku koherensi wacana (sesambungan antarane paragraf siji lan paragraf sijine). Tembung 'ngintun' lan 'mbidhalaken' sejatine nduweni teges utawa makna kang padha. Ing wiwitan disebutake yen Dinsosnakertrans mboten badhe ngintun malih TKI ing manca negari, banjur ing paragraf sabanjure disebutake yen Dinsosnakertrans sarujuk kaliyan kawicaksanaan pemerintah ingkang mboten mbidhalaken TKI. Tembung 'ngintun' ditegesi maneh ing paragraf sabanjure yen sing dimaksud

'ngintun' yaiku 'mbidhalaken' utawa 'mbudhalake'. Tembung kasebut dadi punjer saka wacana dhata (3) ing ndhuwur. Inti saka wacana yaiku Dinsosnakertrans ora bakal mbudhalake maneh TKI menyang manca Negara sarujuk karo kawicaksanaan pemerintah.

3) Kohesi Gramatikal Elipsis kanggo Ndhapak Koherensi Urut-urutan

Elipsis yaiku ngilangi utawa nyingidake tembung tartamtu kang wis dijlentrehake sadurunge. Elipsis bisa nggambarake anane urutan-urutan kedadeyan, amarga anane tembung kang disingidake mula ana tembung utawa ukara kang nduweni sesambungan. Sesambungan kasebut nuwuhake sesambungan kang maknane urutan-urutan.

(4) Saderengipun kasumarekaken dhateng Taman Makam Pahlawan, **Jenazah Letkol Penerbang Sarjono**, sasampunipun saking Yogyakarta kala wingi sonten, kaleremaken wonten Skadron Udara 15 Lanud Iswahyudi panggenanipun dines, lajeng dalunipun kabeta dhateng rumah dinas Jalan Cendrawasih 2 nomer 11 Komplek Lanud Iswahyudi.// (PMBJ/21DES15/Ab)

Dhata (4) kasebut kalebu dhata kang nuduhake anane kohesi gramatikal elipsis kang ndhapuk koherensi urutan-urutan. Elipsis kang tuwuh yaiku elipsis nominal, Jenazah Letkol Penerbang Sarjono. Ing wiwitan disebutake Jenazah Letkol Penerbang Sarjono, banjur sawise iku disebutake kaleremaken wonten Skadron Udara 15 Lanud Iswahyudi panggenanipun dines. Saka klausa kasebut wis bisa dingerteni yen sing dileremake ing panggonan dinese yaiku Jenazah Letkol Penerbang Sarjono, masiya ora disebutake. Jenazah Letkol Penerbang Sarjono disingidake. Saliyane iku ing klausa sabanjure ana katrangan kabeta dhateng rumah dinas. Ing Klausa kasebut uga ora disebutake sapa sing digawa, nanging wis bisa dingerteni yen sing digawa yaiku jenazah Letkol Penerbang Sarjono. Yen ditulis kanthi jangkep yaiku Jenazah Letkol Penerbang Sarjono sasampunipun saking Yogyakarta kala wingi, Jenazah Letkol Penerbang Sarjono kaleremaken wonten Skadron Udara 15 Lanud Iswahyudi panggenanipun dines, lajeng dalunipun jenazah Letkol Penerbang Sarjono kabeta dhateng rumah dinas Jalan Cendrawasih 2 nomer 11 Komplek Lanud Iswahyudi. Dhata (4) kasebut nggambarake anane koherensi urutan-urutan, yaiku urutan-urutan kedadeyan sadurunge pemakaman jenazah Letkol Penerbang Sarjono lan urutan-urutan kedadeyan kasebut digambarake kanthi cara elipsis (nyingidake frasa 'Jenazah Letkol Penerbang Marda Sarjono'). Mula elipsis ing dhata (4) kasebut bisa ndhapuk anane koherensi urutan-urutan.

4) Kohesi Gramatikal Panggandheng (konjungsi) kanggo Ndhapak Koherensi

Urut-urutan, Tetambahan (adisi), Tetandhingan (komparasi), Dudutan (asil), Wektu, Nandhesake, Sajajar (paralel), lan Papan Panggonan

Panggandheng utawa *konjungsi* yaiku tembung-tembung utawa komponen-komponen kang digunakake kanggo nggandhengake tembung lan tembung, frasa lan frasa, klausa lan klausa, ukara lan ukara, satra paragraf lan paragraf. Krana panggandheng (*konjungsi*) kasebut akeh jinise, mula kohesi gramatikal panggandheng bisa ndhapuk maneka werna koherensi. Kohesi gramatikal panggandheng bisa ndhapuk anane koherensi urutan, koherensi tetambahan (*adisi*), koherensi tetandhingan (*komparasi*), koherensi dudutan (*asil*), koherensi wektu, koherensi nandhesake, koherensi sajajar (*paralel*), lan koherensi papan panggonan. Bab kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

a. Kohesi Gramatikal Panggandheng (tembung panggandheng wektu) kanggo Ndhapak Koherensi Urut-urutan lan Koherensi Wektu

Koherensi urutan ora mung didhapuk dening elipsis, nanging uga didhapuk dening panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng wektu. Amarga wektu uga bisa nggambarake anane urutan kedadayan.

(5) **Saderengipun** kasumarekaken dhateng Taman Makam Pahlawan, Jenazah Letkol Penerbang Sarjono, **sasampunipun** saking Yogyakarta kala wingi sonten, kaleremaken wonten Skadron Udara 15 Lanud Iswahyudi panggenanipun dines, **lajeng** dalunipun kabeta dhateng rumah dinas Jalan Cendrawasih 2 nomer 11 Komplek Lanud Iswahyudi.// (PMBJ/21DES15/Ab)

Dhata (5) ing ndhuwur nggambarake anane kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng wektu kanggo ndhapuk anane koherensi urutan. Tembung panggandheng wektu kang dituduhake ing dhata (5) kasebut yaiku tembung *saderengipun* 'sadorunge', *sasampunipun* 'sawise', lan *lajeng* 'terus'. Tembung *saderengipun* nggabungake antarane paragraf *sadorunge* karo paragraf ing ndhuwur, tembung *sasampunipun* nggabungake antarane frasa lan frasa, lan tembung *lajeng* uga nggabungake antarane frasa lan frasa. Katelu tembung mau kalebu tembung panggandheng wektu. Urut-urutan kedadayan kang tuwuh saka dhata (5) ing ndhuwur yaiku sawise saka Yogyakarta, Jenazah Letkol Penerbang Sarjono digawa menyang papan panggonane dines yaiku Skadron Udara 15 Lanud Iswahyudi, banjur bengine digawa menyang omah dines ing Jalan Cendrawasih 2 nomer 11 Komplek Lanud Iswahyudi, banjur lagi dimakamake. Punjer saka pawarta utawa dhata (5) ing ndhuwur yaiku urutan

urutan kedadayan pemakaman Jenazah Letkol Penerbang Marda Sarjono. Gegambaran urutan kedadayan kasebut dijlentrehake kanthi cara nggunakake kohesi gramatikal panggandheng (tembung panggandheng wektu). Mula kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng wektu ing dhata (5) bisa ndhapuk koherensi urutan.

Kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng wektu ora mung bisa ndhapuk koherensi urutan, nanging uga ndhapuk anane koherensi wektu. Tembung panggandheng wektu ana maneka werna wujud. Tembung panggandheng wektu kang digunakake kanggo panggandheng amrih bisa nuwuhake koherensi wektu dijentrehake ing ngisor iki.

(6) Kasubag Humas Polres Bojonegoro AKP Nugroho Basuki dhumateng juru warti paring katrangan, tersangka kaliyan korban sejatosipun sampun tetepangan, ananging dereng dangu nembe kawit tanggal 6 Desember kapengker, **nalika** sareng-sareng nonton jaranan ing Desa Buntalan Kecamatan Temayang.// (PMBJ/21DES15/Ab)

Dhata (6) kalebu dhata kang ngandhut panggandheng kang nggunakake tembung 'nalika' minangka tembung panggandheng wektune. Dhata (6) uga kalebu jinis koherensi wektu kang awujud koherensi paragraf, nggabungake antarane frasa lan frasa. Tembung 'nalika' ing dhata (9) nduweni teges ngepasi utawa pas wayahe utawa lagi. Ing dhata (6) dijlentrehake sesambungan wektu yaiku wektu korban lan tersangka tetepangan yaiku nalika bareng-bareng nonton jaranan. Dhata (6) ing ndhuwur nggambarake panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng wektu yaiku tembung 'nalika' kang bisa ndhapuk anane koherensi wektu.

b. Kohesi Gramatikal Panggandheng (tembung panggandheng gandheng renteng) kanggo Ndhapak Koherensi Tetambahan (adisi) lan Koherensi Sajajar (paralel)

Koherensi tetambahan (*adisi*) yaiku koherensi kang nggambarake anane penambahan antarane bab tartamtu. Kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng gandheng renteng bisa ndhapuk anane koherensi tetambahan utawa *adisi*, amarga tembung panggandheng gandheng renteng uga bisa nggambarake anane penjumlahan utawa *adisi*.

(7) Kasus DAK taun 2011 ing lingkup Dinas Pendidikan Ngawi sampun mlebet tahap penuntutan **lan** nembe dipunsidhangaken ing Pengadilan Tipikor Surabaya.//// (PMBJ/17DES15/GG. Reno)

Dhata (7) ing ndhuwur kalebu dhata kang ngandhut anane panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng gandheng renteng.

Tembung panggandheng gandheng renteng kang tuwuh yaiku tembung 'lan'. Tembung 'lan' ing dhata (7) kasebut nuwuhake teges tetambahan, yaiku tetambahan antarane penuntutan lan arep disidhangake. Tembung 'lan' kasebut minangka panggandheng kang nggabungake antarane klausa siji lan klausa sijine, mula koherensi tetambahan kang tuwuh kalebu koherensi paragraf. Bab kasebut nuduhake yen kohesi gramatikal kang nggunakake tembung panggandheng gandheng renteng bisa ndhapuk anane koherensi tetambahan utawa *adisi*.

Kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng gandheng renteng ora mung ndhapuk koherensi tetambahan wae, ananging uga bisa ndhapuk anane koherensi saajajar (*paralel*). Bab kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

(8) Wali kota Kediri Abdullah Abu Bakar paring katrangan, warga ingkang panandang disabilitas gadhah kesempatan ingkang sami **kaliyan** warga kota Kediri sanesipun./// (PMBJ/18DES15/GG. Reno)

Dhata (8) kalebu jinis koherensi negesake kang awujud koherensi paragraf. Ing dhata (8) ngandhut anane panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng gandheng renteng. Tembung panggandheng gandheng renteng kang digunakake ing dhata (8) yaiku tembung 'kaliyan'. Tembung panggandheng gandheng renteng kasebut ora mratelakake anane sesambungan tetambahan, ananging mratelakake anane sesambungan negesake. Ing dhata (9) tembung 'kaliyan' nuduhake yen warga kang nandang disabilitas saajajar karo warga Kutha Kediri liyane. Saka jlentrehan dhata (8) kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng gandheng renteng bisa ndhapuk anane koherensi saajajar (*paralel*).

c. Kohesi Gramatikal Panggandheng (tembung panggandheng kosok balen) kanggo Ndhapak Koherensi Tetandhingan (komparasi) lan Koherensi Nandhesake

Koherensi tetandhingan (*komparasi*) yaiku koherensi kang nggambarake anane tetandhingan antarane bab tartamtu. Koherensi jinis iki bisa dituduhake lumantar panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng kosok balen.

(9) Kasi Trantib Satpol PP Kota Kediri, Nur Khamid mratelakaken bilih bakul duren kasebat sampun dipunparingi pengetan kaping tiga, **ananging** bakul kasebat tetep nekat sadayan, kapeksa Satpol PP ngamanaken barang daganganipun.// (PMBJ/16DES15/AD)

Dhata (9) ing ndhuwur nggunakake tembung panggandheng 'ananging'. Saliyane iku koherensi kang tuwuh ing dhata (9) yaiku koherensi tetandhingan mligine koherensi paragraf. Dhata (45) nggambarake tetandhingan antarane

bakul duren kang wis diwenehi pengetan ping telu, nanging tetep nekat dodolan. Antarane wis diwenehi pengetan ping telu lan tetep nekat dodolan kuwi nuduhake anane tetandhingan makna. Mula koherensi kang tuwuh yaiku koherensi tetandhingan (*komparasi*). Koherensi kang ana ing dhata (9) yaiku koherensi tetandhingan utawa *komparasi* kang awujud koherensi paragraf.

Kohesi panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng kosok balen ora mung mratelakake koherensi tetandhingan (*komparasi*) wae, nanging uga mratelakake koherensi negesake. Amarga tembung 'nanging' uga ana kang mratelakake sesambungan makna kang asipat nandhesake.

(10) Budi njlentrehaken, sinaosa margi dhateng pinggiripun kawah dipundamel namung kangge lampahipun alat berat, **nanging** wisatawan ugi saged nglangkungi, sauger dipunampingi dening pemandu lan mboten ngantos dumugi pinggiring kawah.// (PMBJ/19DES15/Ab)

Dhata (10) nggambarake anane koherensi nandhesake kang awujud koherensi paragraf. Tembung 'nanging' lan tembung 'ananging' tegese padha yaiku 'tetapi'. Ing dhata (9) tembung 'nanging' iku mau ora asipat tetandhingan, nanging asipat nandhesake. Ing dhata (9) disebutake yen dalam ing pinggire kawah ora mung digunakake kanggo alat-alat berat. Ditandhesna yen dalam kasebut bisa dilewati kanggo wisatawan kang kepingin lewat. Bab kasebut nuduhake yen kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng kosok balen uga bisa ndhapuk koherensi nandhesake.

d. Kohesi Gramatikal Panggandheng (tembung panggandheng sebab lan akibat) kanggo Ndhapak Koherensi Dudutan (asil)

Kaya kang wis dijlentrehake ing ndhuwur yen kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng sebab bisa ndhapuk koherensi dudutan (asil). Bab kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

(11) **Jalaran** ambroliun talud, rumah dinas stasiun pompa banjir Patihan ingkang dipunwengkoni Kementerian Pekerjaan Umum Direktorat Jenderal Sumber Daya Air Balai Besar Wilayah Sungai Bengawan Solo, kawontenanipun miring.// (PMBJ/15DES15/Ab)

Dhata (11) minangka dhata kang kalebu koherensi kang awujud koherensi paragraf. Ing dhata (11) ngandhut anane tembung panggandheng sebab, yaiku tembung 'jalaran'. Ing wiwitane paragraf wis dijlentrehake langsung kanthi nggunakake tembung 'jalaran', mula bab kasebut nuduhake yen paragraf kasebut nuduhake anane sesambungan dudutan utawa asil. Asil utawa

dudukan kang dijlentrehake ing dhata (11) ing ndhuwur yaiku kahanan omah dines stasiun pompa air dadi miring. Bab iku dijalari amarga talude ambrol. Pola kang dituduhake ing dhata (11) yaiku sebab-akibat.

Kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng akibat uga bisa ndhapuk anane koherensi dudutan (asil). Bab kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

(12) Kejawi menika pemerintah badhe ngarahaken pakaryan tinamtu kanthi kapinteran utawi kaprigelan ingkang mligi ing setunggal babagan kados dene ngurus jompo mligi ngrukti bayi lan lare, juru masak lan pedamelan tinamtu sanesipun.//

Pramila menika ingkang wigati kadospundi angenipun ngindhakaken kwalitas calon TKI, supados nggadahi kapinteran lan kaprigelan ing pakaryan tinamtu amrih pikantuk pakaryan langkung kinurmat ing manca negari.// (PMBJ/5DES15/Ab)

Dhata (12) ing ndhuwur ngandhut anane panggandheng kang nggunakake tembung panggandheng akibat, yaiku tembung 'pramila menika'. Tembung 'pramila menika' tegese mula saka iku. Tembung 'pramila menika' ing dhata (12) sejatine wis bisa nuduhake yen ngandhut sesambungan makna asil utawa dudutan. Dudutan kang bisa dijupuk saka dhata (12) yaiku pemerintah kang wigati bakal ngundhakake kuwalitas calon TKI amrih kaprigelan lan kapinteran ing pakaryan tartamtu amrih bisa luwih kinurmat ing manca nagari. Dhata (12) kalebu jinis koherensi asil utawa dudutan kang awujud wacana. Amarga tembung 'pramila menika' minangka panggandheng kang awujud tembung panggandheng akibat kang nggabungake antarane paragraf siji lan paragraf sijine.

e. Kohesi Gramatikal Panggandheng (tembung ancer-ancer 'ing') kanggo Ndhapak Koherensi Papan Panggonan lan Koherensi Wektu

Tembung ancer-ancer 'ing' ora mung mratelakake anane wektu utawa mangsa, nanging uga mratelakake dununging papan panggonan, kayata ing ngisor iki.

(13) Kepala BPBD Bojonegoro Andik Sudjarwo mratelakaken bilih ancaman bebaya angin puting beliung dipunkantheni jawah deres taksih badhe wonten **ing** laladan Kabupaten Bojonegoro ngantos pungkasan wulan Desember 2015.// (PMBJ/16DES15/AD)

Dhata (13) kalebu dhata koherensi papan panggonan kang awujud koherensi paragraf. Tembung ancer-ancer kang digunakake yaiku tembung 'ing'. Dene papan panggonan kang disebutake ing dhata (13) yaiku Laladan Kabupaten Bojonegoro. Ing dhata (13) papan panggonane disebutake kanthi cara nyebutake arane kabupaten

yaiku Kabupaten Bojonegoro. Mula kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung ancer-ancer 'ing' bisa ndhapuk koherensi papan panggonan.

Tembung ancer-ancer 'ing' ora mung digunakake kanggo mratelakake papan panggonan wae, ananging uga bisa kanggo mratelakake wektu utawa wayah, kaya ing ngisor iki.

(14) **Ing** dinten-dinten biyasa panyuwunan sandhal lan sepatu kulit lembu namung nggayuh 25 ngantos 30 kodi, ananging ngadhepi dinten natal lan taun enggal 2016 saged nggayuh 40 ngantos 45 kodi.// (PMBJ/16DES15/AD)

Dhata (14) ngandhut tembung ancer-ancer 'ing' kang mratelakake sesambungan wektu. Ing dhata (14) dijlentrehake wektu nalika pesenan iku bisa owah (saya mundhak). Wektu kang dijlentrehake ing dhata (14) yaiku ing dina-dina biyasa. Maksud ing dina-dina biyasa pesenan sandhal lan sepatu kulit ora mundhak kaya dina ngadhepi natal lan taun anyar. Dadi kang ditegesna ing dhata (14) yaiku wektu nalika pesenan sandhal lan sepatu kulit isih biyasa wae lan ora mundhak. Dhata (14) padha-padha kalebu dhata kang nduweni sesambungan wektu kang awujud koherensi paragraf. Amarga ing paragraf liyane (sawacana iku) ora ngandhut anane tembung ancer-ancer 'ing' kang mratelakake koherensi wektu.

f. Kohesi Gramatikal Panggandheng (tembung ancer-ancer 'dhateng') kanggo Ndhapak Koherensi Papan Panggonan

Kohesi gramatikal panggandheng kaping enem yaiku kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung ancer-ancer 'dhateng'. Kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung ancer-ancer 'dhateng' bisa ndhapuk anane koherensi papan panggonan. Bab kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

(15) Budi njlentrehaken, sinaosa margi **dhateng** pinggiripun kawah dipundamel namung kangge lampahipun alat berat, nanging wisatawan ugi saged nglangkungi, sauger dipunampingi dening pemandu lan mboten ngantos dumugi pinggiring kawah.// (PMBJ/19DES15/Ab)

Dhata (15) kalebu dhata kang ngandhut anane koherensi papan panggonan kang didhapuk dening kohesi panggandheng kang nggunakake tembung ancer-ancer 'dhateng'. Ing dhata (15) disebutake 'dhateng pinggiripun kawah'. Ing dhata (72) mung nyebutake dununging papan panggonan yaiku ing pinggire kawah. Saka jlentrehan dhata (15) bisa diweruhi yen kohesi gramatikal panggandheng kang nggunakake tembung ancer-ancer 'dhateng' bisa ndhapuk anane koherensi papan panggonan.

2. Kohesi Leksikal kanggo Ndhapak Koherensi

Jinis koherensi kang didhapak dening kohesi leksikal ana 5, yaiku koherensi ambalan, koherensi dasanama, koherensi kosok balen, koherensi sakabehe (bageyan), lan koherensi klas (anggota). Jinis-jinis koherensi mau bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

1) Kohesi Leksikal Ambalan (repetisi) kanggo Ndhapak Koherensi Ambalan

Kohesi ambalan wutuh yaiku jinis kohesi kang nggambarake anane ambalan tembung-tembung sajrone wacana kanthi wutuh saka tembung siji menyang tembung sijine. Ambalan kang tuwuh wujud wutuh padha persis karo tembung kang diambalake.

(16) Pelatih tim sepakbola **pra PON** Jatim Hanafing ngandharaken, menawi **pra PON** leres dipunleksanakaken wulan Februari, mila namung Jawa Timur ingkang dipunbiji paling siyap, jalaran gadhah stadion paling kathah.//// Kange **pra PON** dipunbetahaken 8 stadion lan Jawa Timur saged nyekapi prasarat kasebat.// (PMBJ/10DES15/GG. Reno)

Dhata (16) kalebu dhata kang ngandhut anane kohesi ambalan kang wujud ambalan wutuh. Koherensi kang tuwuh ing katelu dhata kasebut uga padha yaiku koherensi ambalan kang wujud koherensi paragraf. Amarga tembung kang diambalake ora ana ing paragraf liya. Ing dhata (16) tembung kang diambali yaiku tembung 'pra PON'. Tembung 'pra PON' diambali nganti ping telu lan wujud wutuh. Kapisan disebutake tembung 'pra PON', kapindho uga tembung 'pra PON', lan kaping telu uga tembung 'pra PON'. Mula 'pra PON' dadi punjer saka wacana utawa dhata (16) kasebut.

Kohesi ambalan ora wutuh yaiku jinis kohesi kang nuduhake anane ambalan tembung-tembung kanthi cara ora wutuh. Ing ambalan ora wutuh, biyasane ana tembung-tembung kang diambali nanging dilongi utawa ditambahi saka tembung kapisan. Masiya tembung kang diambali ora wutuh, nanging tetep ora ngilangi teges saka tembung kasebut.

(17) Panyuwun kasebat gegayutan kaliyan informasi saking **Badan Meteorologi Klimatologi lan Geo Fisika BMKG** Jawa Timur, ingkang ngetang ing wanci ngajeng mangke badhe kedadosan cuaca ingkang ekstrim.//

BMKG ngetang jawah deres badhe langkung asring wonten tlatah Bojonegoro lan ing tlatah hulu Bengawan Solo.// (PMBJ/25DES15/Ab)

Dhata (17) ing ndhuwur uga kalebu dhata kang ngandhut anane kohesi ambalan kang wujud ambalan ora wutuh. Ambalan ora wutuh kasebut nuduhake anane koherensi ambalan lan koherensi kang tuwuh awujud koherensi wacana, amarga

ambalan kang tuwuh ana ing liya paragraf. Ing paragraf kapisan disebutake frasa 'Badan Meteorologi Klimatologi lan Geo Fisika BMKG', banjur ing paragraf kapindho mung disebutake 'BMKG'. Ambalan kang tuwuh ing dhata (17) yaiku awujud cekakan saka frasa kang disebutake ing paragraf sadurunge. Masiya kaya mangkono wis bisa nuduhake yen ambalan kasebut dadi punjer saka wacana utawa dhata (17) lan bisa nuwuhake anane koherensi ambalan.

2) Kohesi Leksikal Dasanama lan Kohesi Leksikal Kolokasi kanggo Ndhapak Koherensi Pepadhan

Dasanama yaiku satuwan lingual kang teges utawa maknane meh padha utawa kurang luwih padha karo satuwan lingual liyane. Dasanama lumrahe awujud tembung, nanging kadhang kala uga awujud frasa, klausa, lan ukara. Kohesi leksikal dasanama kang ndhapak koherensi pepadhan kaya ing ngisor iki.

(18) Ketut Sunarbawa, 15 **kasus** korupsi menika, 5 **perkara** antawisipun mlebet proses penyelidikan, 3 **kasus** mlebet tahap penyidikan, lan 5 **kasus** sanesipun sampun dipuneksekusi.// (PMBJ/17Des15/GG. Reno)

Dhata (18) ing ndhuwur kalebu dhata kang ngandhut anane dasanama lan nuwuhake koherensi pepadhan kang awujud koherensi paragraf. Tembung kang nuduhake dasanama ana ing paragraf kang padha. Tembung kasebut yaiku tembung 'kasus' lan tembung 'perkara'. Tembung 'kasus' lan tembung 'perkara' tegese padha yaiku bab kang dadi penyebab salah sawijine pawongan kena ukuman. Tembung 'kasus' minangka tembung serapan saka basa Indonesia, dene tembung 'perkara' dudu tembung serapan. Kekarone nuduhake anane teges kang padha, mula bisa diarani dasanama lan bisa nuwuhake anane koherensi dasanama.

Koherensi pepadhan uga bisa didhapak dening kohesi kolokasi, amarga kolokasi minangka watesan saka anane dasanama. Kolokasi minangka *persandingan* makna. Mula kolokasi lan dasanama nduweni sesambungan kang raket antarane siji lan sijine.

(19) Kejawi **pikantuk** dana sosial, kulawarga **Pahlawan Nasional** ugi **pikantuk** jaminan kesehatan mawi program ingkang dipunkelola dening Badan Penyelenggara Jaminan Sosial BJS Kesehatan.// (PMBJ/9NOP15/Ab)

Dhata (91) kasebut ngandhut anane kohesi leksikal kolokasi kang ndhapak koherensi pepadhan. Kaping pisan disebutake tembung 'pikantuk' lan kaping pindho disebutake 'pahlawan nasional'. Antarane tembung kasebut, kekarone nduweni sesambungan kolokasi. Kolokasi minangka watesan dasanama. Dasanama tembung 'pikantuk' bisa 'angsal' utawa 'oleh'. Ing paragraf kasebut ora nggunakake tembung 'angsal' utawa

'oleh', nanging nggunakake tembung 'pikantuk', amarga ana frase 'pahlawan nasional'. Kanggo wujud pakurmatan marang Pahlawan Nasional mula digunakake tembung 'pikantuk'. Tembung 'angsal' sejatine uga minangka basa karma, nanging isih luwih cendhek tatarane tinimbang tembung 'pikantuk'. Mula kang digunakake yaiku tembung 'pikantuk'. Saka jlentrehan dhata kasebut bisa dingerteni yen kohesi leksikal kolokasi uga bisa ndhapuk anane kohensi pepadhan.

3) Kohesi Leksikal Kosok Balen kanggo Ndhapak Koherensi Lelawanan

Koherensi lelawanan yaiku koherensi kang nggambarake anane kosok balen (antonimi) sajrone wacana, paragraf utawa ukara. Koherensi lelawanan bisa didhapuk dening kohesi leksikal kosok balen, kaya ing ngisor iki.

(20) Ing triwulan kaping kalih, panenan mandhap jalaran nyarengi owah-owahan saking wanci **jawah** dhateng wanci **ketiga**, kathah laladan ingkang dipuntanemi palawija.// (PMBJ/19DES15/Ab)

Dhata (20) nggambarake anane koherensi lelawanan kang awujud koherensi paragraf. Koherensi lelawanan kang tuwuh amarga didhapuk dening kohesi kosok balen iku dhewe. Ing dhata (20) nduweni rong tembung kang minangka tembung kosok balen yaiku tembung 'jawah' lan tembung 'ketiga'. Antarane tembung 'jawah' lan tembung 'ketiga' nduweni teges kang beda. Tembung 'jawah' tegese udan, dene tembung 'ketiga' tegese ora udan. Kekarone kalebu kosok balen *resipikal* amarga antarane 'jawah' lan 'ketiga' nduweni makna kang *berlawanan*.

4) Kohesi Leksikal Meronimi kanggo Ndhapak Koherensi Saperangan (Sakabehe)

Koherensi saperangan (sakabehe) yaiku koherensi kang nggambarake anane perangan saka sakabehe bab tartamtu. Kohesi leksikal meronimi bisa ndhapuk koherensi saperangan (sakabehe), kaya ing ngisor iki.

(21) Miturut Eko Budiyo, supados saged nglayani masyarakat kanthi sae, PT KAI nyiyapaken **411 lokomotif**, peranganipun **lokomotif dinas wonten 379 lan cadhangan 32 unit.**// (PMBJ/11DES15/GG. Reno)

Dhata (21) kalebu kohesi leksikal meronimi kang ndhapuk koherensi saperangan (sakabehe). Koherensi saperangan (sakabehe) kang tuwuh ing dhata (21) awujud koherensi paragraf. Ing dhata (21) disebutake '411 lokomotif'. Lokomotif kalebu meronimi, amarga lokomotif minangka bageyan saka kreta. Masiya kreta ora disebutake ing dhata (21) nanging wis bisa dingerteni sadurunge yen lokomotif minangka bageyan saka kreta. Mula kekarone kalebu meronimi lan bisa nuwuhake anane koherensi saperangan (sakabehe).

5) Kohesi Hiponimi kanggo Ndhapak Koherensi Klas (Golongan)

Koherensi klas (golongan) yaiku koherensi kang nggambarake anane klas lan anane anggota sajrone wacana, paragraf utawa ukara. Kohesi leksikal hiponimi bisa ndhapuk koherensi klas (golongan), kaya ing ngisor iki.

(22) Umumipun wonten **tigang jinis pantun** ingkang dipuntanem ing Trenggalek, inggih menika **jinis hibrida** ngasilaken 737 ton, **jinis padi** ungguk ngasilaken 145 ewu ton, lan **jinis lokal** ngasilaken wetawis 32 ton.// (PMBJ/19DES15/Ab)

Dhata (22) kalebu dhata kang nuduhake anane koherensi klas (golongan) kang awujud koherensi paragraf. Koherensi klas (golongan) kasebut didhapuk dening anane kohesi hiponimi. Hiponimi kang ana ing dhata (22) ngenani tigang jinis pantun yaiku jinis hibrida, jinis padi, lan jinis lokal. Tigang jinis pantun minangka klas lan jinis hibrida, jinis padi, lan jinis lokal minangka anggota saka klas (jinis pantun). Hiponimi kang ana sajrone dhata (22) minangka pandhapuk saka tuwuhe koherensi klas (golongan) kang awujud koherensi paragraf.


Asil Panliten

Bagan 2

Kohesi Leksikal kanggo Ndhapak Koherensi



Bagan 1
Kohesi Gramatikal kanggo Ndhapak Koherensi



Dhiskusi Asil Panliten

Ing panliten kanthi judhul *Kohesi lan Koherensi Rubrik Apa Tumon ing Kalawarti Panjekar Semangat Edhisi Agustus nganti September 2010* (Endrawati, 2011) uga dijlentrehake yen kohesi gramatikal kang ditemokake yaiku pengacuan, penyulihan, elipsis, lan tembung pangiket. Dene kohesi leksikal kang ditemokake yaiku repetisi, dasanama, kolokasi, hiponim, kosok balen, lan ekuivalensi. Koherensi kang ditemokake ing panliten kasebut ana enem yaiku urutan kedadeyan, penambahan, penekanan, tetandhingan, cecengkahan, lan sebab-akibat. Cetha banget yen panliten iki beda karo panliten sadurunge kang diandharake ing ndhuwur. Asil panliten iki ora mung nemokake jinise piranti kohesi gramatikal lan piranti kohesi leksikal, uga ora mung nemokake jinise koherensi. Asil panliten iki nemokake piranti-piranti kohesi (gramatikal lan leksikal) kang bisa ndhapuk koherensi.

Panliten iki salaras karo pamawase Alwi (2014:447), yen kohesi sajrone wacana ora mung sesambungan kang asipat wujud wae, nanging kang wigati yaiku kohesi (kang apik) nuwuhake koherensi. Ing kene Alwi njlentrehake yen kohesi kang apik yaiku kohesi kang bisa ndhapuk koherensi. Mula kohesi lan koherensi ora bisa madeg dhewe-dhewe.

Ora mung njlentrehake ngenani kohesi kang ndhapuk koherensi, Alwi (2014:447) uga njlentrehake yen wacana kang apik ora mesthi kohesif, nanging kang luwih wigati wacana kasebut bisa koheren. Saka jlentrehan kasebut cetha yen kohesi ora mesthi ndhapuk koherensi. Kohesi mung saperangan cara kanggo nuwuhake wacana kang koheren. Ing jlentrehan kasebut uga cetha yen

kohesi sajrone wacana ora pati wigati, kang luwih wigati yaiku koherensi-ne.

PANUTUP

Dudutan

Koherensi pranyata ora bisa madeg dhewe, ananging madeg krana anane kohesi. Kohesi bisa ndadekake wacana utawa paragraf dadi koheren. Koherensi paragraf utawa wacana pancen ora mung didhapuk dening kohesi wae, nanging uga ana liyane. Mula saka iku, paragraf utawa wacana kang koheren durung mesthi kohesif, nanging wacana kang kohesif mesthi koheren. Bab kasebut kang ndadekake kohesi bisa ndhapuk anane koherensi. Adhedhasar pandhapuke koherensi dening kohesi, pranyata wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun nduweni 14 jinis.

Pamrayoga

Asil saka panliten ngenani piranti kohesi kanggo ndhapuk koherensi iki isih akeh kang durung ditliti kanthi jangkep, kayata piranti kohesi gramatikal elipsis kang jinise ana maneka warna, durung ditliti kabeh kepriye anggone ndhapuk koherensi. Saliyane iku panliten iki mung winates ing wacana dheskriptif pawarta mawa basa Jawa ing Radhio Republik Indonesia (RRI) Madiun wae, durung ing pawarta liyane. Mula saka iku, panliten iki isih bisa dirembakakake maneh amrih luwih sampurna. Panulis ngupaya amrih skripsi iki bisa dadi tulisan kang apik lan sampurna, ananging panulis uga nyadhari yen panulisan skripsi iki durung sampurna. Mula saka iku panulis nduweni pangarep-arep amrih pamaca bisa menahi panyaru amrih panulisan skripsi iki dadi sampurna.

KAPUSTAKAN

Alwi, Hasan, lkk. 2014. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Balai Pustaka

Arifin, Zaenal, lkk. 2012. *Teori dan Kajian Wacana Bahasa Indonesia*. Tangerang: PT Pustaka Mandiri.

Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: Eresco.

_____. 2010. *Wacana-pemahaman dan Hubungan Antarunsur*. Bandung: PT Refika Aditama.

Indiyastini, Titik. 2009. *Kohesi dan Koherensi Paragraf Deskriptif dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta.

- Keraf, Gorys. 1982. *Eksposisi dan Deskripsi*. Flores: Nusa Indah.
- _____. 1989. *Komposisi Sebuah Pengantar Kemahiran Bahasa*. Flores: Nusa Indah.
- Moleong, Lexy J. 2014. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Nurlina, Wiwin Erni Siti. 2007. *Wacana Deskripsi Tempat dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta.
- _____, Ikk. 2012. *Wacana Berita dalam Ragam Jurnalistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Elmatara.
- Schiffirin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudarman, Paryati. 2008. *Menulis di Media Massa*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudaryanto. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press.
- Tarigan, Hendry Guntur. 2009. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa.
- Titscher, Stefan, Ikk. 2009. *Metode Analisis Teks dan Wacana (dijarwakake dening Dazali, Ikk)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Wedhawati lan Restu Sukesti. 2008. *Wacana (paragraf) Deskripsi dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta.

UNESA

